



## IRS aktyalize kesyon yo poze souvan sou Kredi Taks pou Timoun 2021 an ak Avans Kredi Taks pou Timoun nan

FS-2022-17, Mas 2022

Remak: Yo te ranplase FAQ sa yo pa FAQ yo te pibliye nan [FS-2022-29](#) nan dat 20 me 2022.

Fich Enfòmasyon sa aktyalize kesyon yo poze souvan (FAQ) sou Kredi Taks pou Timoun ak Avans Kredi Taks pou Timoun nan. Aktyalizasyon sa yo la pou ede fanmi ki kalifye yo reklame kredi a kòmsadwa, lè y ap prepare ak soumèt deklarasyon taks 2021 yo a.

Revizyon sa yo ki fèt nan FAQ yo se:

- Kredi Taks pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun yo — Sijè B: Kalifikasyon pou Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun yo ak Kredi Taks pou Timoun 2021 an: K3
- Kredi Taks pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun yo — Sijè C: Kalkil Kredi Taks pou Timoun 2021 an: K1
- Kredi Taks pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun yo — Sijè D: Kalkil Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun yo: K1

*Ribrik kesyon yo poze souvan sa yo pibliye nan objektif pou bay kontribyab yo ak pwofesyonèl taks yo enfòmasyon jeneral byen vit. Kòm konsekans, FAQ sa yo gendwa pa adrese reyalite ak sikonstans espesifik yon kontribyab, epi yo ka mete yo ajou oswa modifie yo apre yon lòt revizyon. Puiske kesyon yopoze souvan sa yo pa t pibliye nan Bilten Revni Entèn nan, IRS p ap konte sou yo oswa itilize yo pou rezoud yon ka. Menm jan an tou, si yon kesyon yo souvan poze ta vin tounen yon deklarasyon ki pa kòrèksou lwa a jan li aplike nan ka espesifik yon kontribyab, se lwa a ki ap prime epi kontwole responsabilite taks kontribyab la.*

*Sepandan, yon kontribiyab ki pa de movèzfwa ki te gen rezon pou konte sou kesyon yo poze souvan yo pap gen pou peye penalite ki prevwa yon estanda kòz rezonab pou egzanpsyón, sa ki gen ladan yon penalite neglijans oswa lòt penalite ki gen rapò ak presizyon, nan ka kote konfyans sa a lakoz yon pèmantaks ki ensifizan. Nenpòt mizajou oswa modifikasyon k ap gen pou fèt nan kesyon yo poze souvan sa yo pral gen yon dat pou pèmèt kontribyab yo konfime dat nenpòt chanjman ki fèt nan yo. Anplis de sa, n apkenbe ansyen vèsyon kesyon yo poze souvan yo sou sit IRS.gov la yon fason pou asire nou kontribyab yo ki te itilize yon ansyen vèsyon ka rejwenn li si yo ta bezwen li aprè.*

Plis enfòmasyon sou [depandans disponib](#). Kesyon yo poze souvan sa yo te anonse nan [IR-2022-53](#).

Kredi Taks pou Timoun 2021 ak Avans Pèman Kredi Taks pou Timoun yo Baz

Te gen chanjman enpòtan nan Kredi Taks pou Timoun ki pral ede anpil fanmi resevwa avans pèman. Lwa sou plan sekou ameriken (ARPA) 2021 elaji kredi taks pou timoun (CTC) pou ane fiskal 2021 an sèlman.

Anba a gen kesyon yo poze souvan sou Avans Pèman Kredi Taks pou Timoun yo an 2021, separe pa sijè. Pa rele IRS. Asistan telefòn nou yo pa gen plis enfòmasyon pase sa ki disponib sou sit IRS.gov la

- [Sijè A: Enfòmasyon jeneral](#)
- [Sijè B: Elijiblite pou Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun ak Kredi Taks pou Timoun 2021](#)



## Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

- Sijè C: Kalkil Kredi Taks pou Timoun 2021
- Sijè D: Kalkil Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun
- Sijè E: Pwosesis Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun
- Sijè F: Fè Mizajou Enfòmasyon sou Kredi Taks pou Timoun ou an Pandan 2021 an
- Sijè G: Resevwa Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun
- Sijè H: Rekonsilye Pèman Avans Kredi Taks pou Timoun ou nan Deklarasyon Taks 2021 ou
- Sijè I: Rezidan Teritwa Ameriken yo ak Avans Pèman Kredi Taks pou Timoun yo
- Sijè J: Dezanwole nan Pèman Avans yo
- Sijè K: Verifye Idantite w pou ou Wè Pèman w yo
- Sijè L: Kesyon yo Poze Souvan sou Gad Pataje
- Sijè M: Kesyon yo Poze Souvan ki gen rapò ak Imigrasyon
- Sijè N: Retounen yon Pèman

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo — Sijè A: Enfòmasyon Jeneral

### **Q A1. Kisa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ye? (mizajou 11 janvye 2022)**

A1. Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo se premye peman 50 poustan estimasyon montan Kredi Enpo pou Timoun nan, IRS la fè, ke ou ka reklame kòmsadwa, nan deklarasyon enpo 2021 w lan pandansezon deklarasyon enpo 2022 a. Si IRS la te trete deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 ou a anvan fen mwa jen an, peman mansyèl sa yo te kòmanse fèt apati Jiyè epi yo te kontinye rivenan Desanm 2021, dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon sa.

Nòt: Montan peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa depann de Kredi pou Lòt Depandan yo, ki pa ranbousab. Pou plis enfòmasyon konsènan Kredi pou Lòt Depandan yo, gade [Anèks 8812 IRS la \(Fòm 1040\), Kredi pou Timoun Kalifye y oak Lòt Depandan yo \(an anglè\)](#).

### **Q A2. Kisa mwen te bezwen fè pou mwen resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A2. Jeneralman, anyen. Si ou te kalifye pou resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo dapre deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 la (k ap gen ladan enfòmasyon ou te mete nan zouti Non-Deklaran an pou Peman Enpak Ekonomik yo sou IRS.gov an 2020 an, oswa nan Zouti Enskripsyon Non Deklaran Krdi Enpo pou Timoun nan an 2021), jeneralman ou te resevwa pèman sa yootomatikman san ou pa t bezwen antreprann okenn aksyon adisyonèl.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021; jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020 w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan, men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon ak kòman yo vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#) epi [Sijè E: Pwosesis Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan.](#)

## **Q A3. Èske mwen te bezwen revni pou mwen resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?(ajoute 14 janvye 2021)**

A3. Non. Menmsi ou te genyen \$0 revni, ou te ka resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si oute kalifye.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiye e yo te kontinye chak mwa rive an desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan, men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezon deklarasyontaks 2022 a.

Pou enfòmasyon konsènan kalifikasyon an, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.](#)

## **Q A4. Ki kote mwen ka jwenn èd pou mwen konplete deklarasyon enpo 2020 mwen an si mwen pa kafè sa poukont mwen? (mizajou 11 janvye 2022)**

A4. Si ou pa t kapab oswa pa t chwazi itilize zouti Enskripsyón Non-Deklaran Kredi Enpo pou Timoun nan, Deklarasyon Gratis IRS la, oswa Fòmilè Deklarasyon Gratis pou Ranpli yo, pou w fè deklarasyon enpo 2020 w lan, genyen plizyè kalite preparatè deklarasyon enpo, ki gen ladan yo, ekspè kontab agreeye, ajan ki enskri, avoka, ak lòt ankò ki kapab asiste ou pou fè deklarasyon w lan. Pou plis enfòmasyon konsènan sa yo ak lòt preparatè deklarasyon ki ka bon pou ou, vizite [Ou bezwen yon moun pou prepare deklarasyon enpo w la?](#)

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan te kòmanse an jiye e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020 w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan, men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpopou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.

## **Q A5. E si mwen pa t vle resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A5. Si ou te prefere pa resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun mansyèl yo paske ou t ap prefere reklame tout kredi a lè ou fè deklarasyon enpo 2021 an, oswa ou te konnen ou pa t kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun pou ane fiskal 2021 w lan, IRS la te bay yon opsyon pou dezenskri nan pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo atravè Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (Child Tax Credit Update Portal, CTC UP).



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an.

## K A6. Kilè IRS la te kòmanse vèse pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)

A6. IRS la te kòmanse vèse pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo 15 Jiyè. Apre sa, pèman yo ap vèsepa mwa jis nan fen Desanm 2021.

Pou plis enfòmasyon konsènan kòman yo te vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, gade [Sijè E: Pwosesis Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan](#).

## K A7. Èske IRS la te kontakte moun yo apwopo pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo anvan yo tevèse? (mizajou 11 janvye 2022)

A7. Wi. An jen 2021, IRS la te voye ba ou yon Lèt 6417. Lèt sa ap enfòme ou sou montan estimasyonpeman mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo. Lèt sa ap endike tou, ki kote ou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

## K A8. Kòman mwen te ka kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 14 jan 2021)

A8. Ou te kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si ou te genyen yon timoun kalifye. Epi tou, oumenm — oswa konjwen w lan, si ou marye epi ou fè yon deklarasyon konjwen — dwe genyen kay prensipal ou nan youn nan 50 Eta yo oswa Distrik Columbia pandan plis pase mwatye nan ane a. Kay prensipal ou a kapab nenpòt kote ou rete regilyèman. Kay prensipal ou a kapab kay ou, apatman, kay mobil, refij, lojman tanporè, oswa lòt kote e li pa bezwen menm plasman fizik la nan ane fiskal la. Ou pa bezwen gen yon adrès pèmanan pou ou jwenn peman sa yo. Si ou pa nan kay prensipal ou a tanporèman akoz maladi, edikasyon, biznis, vakans, oswa sèvis militè, jeneralman yo trete ou tankou out ap viv nan kay prensipal ou a.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.

Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ak Kredi Enpopou Timoun nan jeneralman, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

Pou enfòmasyon sou kòman yo te ka redui Kredi Enpo pou Timoun ou an parapò ak montan revni w lan, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

## K A9. Èske resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap lakoz yon reta nan ranbousman mwenan lè mwen fè deklarasyon enpo 2021 mwen an pandan sezon deklarasyon taks 2022 a? (mizajou11



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

janvye 2022)

A9. Non. Sepandan, si ou pa byen rekonsilye pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk montan Kredi Enpo pou Timoun ou kalifye pou li a nan deklarasyon taks sou revni federal 2021 w lan, tretman deklarasyon w lan ap pran reta nan IRS la.

Pou plis enfòmasyon konsènan kòman pou rekonsilye pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk Kredi Enpo pou Timoun nan deklarasyon taks 2021 w lan, gade [Sijè H: Rekonsilye Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun Ou yo nan Deklarasyon Taks 2021 W lan](#).

## K A10. Èske peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo gen taks sou yo? (mizajou 11 janvye 2022)

A10. Non. Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa revni e yo p ap deklare antanke revni nan deklarasyon enpo 2021 w lan. Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo se pèman avans Kredi Enpo pou Timoun 2021 ane fiskal ou a.

Sepandan, montan total peman avans Kredi enpo pou Timoun yo ou te resevwa nan 2021 an se te sou estimasyon IRS sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 w lan. Si total pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yoplis pase montan Kredi Enpo pou Timoun nan ke yo pèmèt ou reklame nan deklarasyon enpo 2021 w lan, ou ka genyen pou ranbouse montan aleksè sou deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 an. Parekzanp, si ou te resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou de (2) timoun kalifye ki deklare kòmsadwa sou deklarasyon enpo 2020 w lan, men ou pa genyen timoun kalifye ankò nan 2021 an, peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou te resevwa sou timoun sa yo ajoutenan enpo sou revni 2021 w la sof si ou kalifye pou pwoteksyon kont repeman. Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou pwoteksyon kont repeman an, ak kòman pou rekonsilye peman avans KrediEnpo pou Timoun yo avèk Kredi Enpo pou Timoun ou an sou deklarasyon enpo 2021 w lan, gade [Sijè H: Rekonsilyasyon Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan](#).

Pou rezon sa a, moun te ka dezenskri pou sispann resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm te reflete nan pèman mansyèl kite debouse an desanm. Ou te anmezi pou dezenskri atravè [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP a, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#) ak [Sijè J: Dezenskri nan Pèman Avans yo](#).

## K A11. Èske IRS la ap voye yon lèt sou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ban mwen pou edemwen reklame bon montan Kredi Enpo pou Timoun nan sou deklarasyon 2021 mwen an pandan sezon deklarasyon taks 2022 a? (mizajou 11 janvye 2022)

A11. Wi. An Janvye 2022, IRS la ap voye ba ou Lèt 6419 pou ba ou montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki te vèse ba ou nan 2021 an. Tanpri konsève lèt sa konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk dosye fiskal ou yo. Ou ka bezwen refere ou ak lèt sa lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 wlan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

Pou plis enfòmasyon konsènan lèt sa ak kòman pou rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk Kredi Enpo pou Timoun ou an nan deklarasyon 2021 w lan, gade [Sijè H: Rekonsilyasyon PemanAvans Kredi Enpo pou Timoun yo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan](#).



**K A12. Èske pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap afekte avantaj gouvènman mwen konnresevwa yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A12. Non. Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa kapab konte kòm revni lè y ap detèminen si oumenm oswa nenpòt lòt moun kalifye pou avantaj yo oswa asistans, oswa konbyen oumenm oswa nenpòt lòt moun ka resevwa, apati nenpòt pwogram federal oswa apati nenpòt pwogram lokal oswa Etaki finanse an antye oswa an pati avèk fon federal yo. Pwogram sa yo pa kapab konte peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo kòm yon resous nan objektif pou detèminen kalifikasyon pandan 12 mwa pou pi piti apre ou fin resevwa l.

**K A13. Èske mwen ka rele IRS oswa konpayi lojisyèl taks mwen an oswa labank pou mete enfòmasyonkont labank mwen ajou pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A13. IRS te bay sou IRS.gov yon [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun \(CTC UP\)](#), ki te pèmèt ou mete enfòmasyon ajou avèk IRS la, avèk enfòmasyon kont labank ou tou.

CTC UP a, te pèmèt ou chwazi pa resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pandan w ap dezenskri. Ou te kapab aktyalize revni ou, enfòmasyon sou kont labank ou, epi chanje adrès ou. Mizajouki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat novanm 29 te reflete nan pèman mansyèl ki te pwogram pou 15 desam.

**K A14. Kòman mwen ka evite anak ki gen rapò ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A14. IRS la te ankouraje tout moun pou yo veye anakè k ap eseye itilize peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo kòm kouvèti pou vòlè enfòmasyon pèsonèl ak lajan. IRS la pa kontakte pa mwayen imèl, mesaj tèks, oswa medya sosyal yo pou mande enfòmasyon pèsonèl oswa finansyè – menm enfòmasyonki gen pou wè ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Epi tou, veye imèl ki genyen attachman oswa lyen ki di yo genyenn enfòmasyon espesyal konsènan peman avans Kredi enpo pou Timoun yo oswa ranbousman Kredi Enpo pou Timoun yo.

Si ou resevwa yon imèl sispèk ki sanble soti nan IRS, gade [Sinyale Eskwokri ak Anak Anliy yo](#) pou enfòmasyon adisyonèl.

**K A15. Mwen vle ede difize mesaj apwopo peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan anndan kominote mwen an. Kòman mwen ka fè sa? (mizajou 11 janvye 2022)**

A15. IRS la ap kominike materyèl adisyonèl ak enfòmasyon ki ka pataje fasilman atravè medya sosyal, imèl, ak lòt metòd. IRS ankouraje anplwayè yo, gwoup kominotè yo, benevòl yo, asosyasyon yo, gwoup edikasyon yo, ak tout lòt moun ki gen koneksyon ak moun ki gen timoun, pou pataje enfòmasyon enpòtan sa a apwopo peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak ekspansyon Kredi Enpo pou Timoun yo pou ane fiskal 2021 an. Ou kapab jwenn materyèl pou ou pataje nan [Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo: Resous ak Gid \(an anglè\)](#)

Anvan sezon deklarasyon taks 2022 a, IRS la ap kontinye bay materyèl sou kòman pou reklame Kredi Enpo pou Timoun 2021, ansam avèk tou, kòman pou rekonsilye pèman avans Kredi Enpo pou Timounyo avèk montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 ou kalifye pou li a.



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou rekonsilye pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk KrediEnpo pou Timoun ou an nan deklarasyon taks 2021 w lan, gade [Sijè H: Rekonsilyasyon Peman AvansKredi Enpo pou Timoun yo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan.](#)

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020. Si ou pa kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.

## K A16. Kilè mwen te anmezi pou mwen mete enfòmasyon mwen yo ajou? (mizajou 11 janvye 2022)

A16. Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm yo te reflete nan pèman mansyèl ki te debouse an desanm nan. Mizajou nan kantite timoun kalifye oswa kondisyon fiskal ta dwefèt lè ou fè deklarasyon taks 2021 w lan.

*Dat ou ka fè chanjman yo	Kisa w ka fè
21 jen	<ul style="list-style-type: none"><li>Gade si w kalifye</li><li>Anile enskripsyon nan peman yo</li><li>Gade yon lis ki gen peman w yo</li></ul>
30 jen	<ul style="list-style-type: none"><li>Chanje enfòmasyon bank ou a pou yo ka kòmanse ak peman w yo nan mwa out la</li></ul>
20 out	<ul style="list-style-type: none"><li>Chanje adrès ou</li></ul>
1ye novanm	<ul style="list-style-type: none"><li>Fè chanjman nan revni ou</li></ul>
29 novanm	<ul style="list-style-type: none"><li>Dènye dat pou aktyalize enfòmasyon yo nan CTC UP (Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan) pou fè enpak sou pèman avans Kredi Enpo pou Timon nan ki debouse an desanm</li><li>Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan disponib an panyòl</li></ul>

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo — Sijè B: Kalifikasyon pou Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021

## Q B1. Kiyès ki te kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 Janvye 2022)

A1. Ou te kalifye pou pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si ou genyen yon timoun kalifye. Epi tou, oumenm — oswa konjwen w lan, si nou marye epi fè yon deklarasyon konjwen — te dwe genyen kay prensipal ou nan youn nan 50 Eta yo oswa Distrik Columbia pandan plis pase mwatye nan ane a.



Kay prensipal ou a kapab nenpòt kote ou rete regilyèman. Kay prensipal ou a kapab kay ou, apatman, kay mobil, refij, lojman tanporè, oswa lòt kote e li pa bezwen menm plasman fizik la nan ane fiskal la. Oupa bezwen gen yon adrès pèmanan pou ou jwenn peman sa yo. Si ou pa nan kay prensipal ou a tanporèman akoz maladi, edikasyon, biznis, vakans, oswa sèvis militè, jeneralman yo trete ou tankou ou t ap viv nan kay prensipal ou a.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse nan mwa jiyè e li te kontinye konsa chak mwa rive an desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020 w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan, w ap kapab reklame tout montan krei a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 an pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.

Pou enfòmasyon sou kòman yo te ka redui Kredi Enpo pou Timoun ou an parapò akmontan revni w lan, gade Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.

**Q B2. Èske ekzijans pou "timoun kalifye yo" chanje pou Kredi Enpo pou Timoun pou 2021 an? (ajoute 14 Jen 2021)**

A2. Wi.

**Q B3. Kiyès ki yon "timoun kalifye" nan objektif pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an? (mizajou 8 Mas 2022)**

A3. Pou ane fiskal 2021 an, yon timoun kalifye se yon endividé ki pa gen 18 lane anvan 1 ye Janvye 2022, epi ki ranpli kondisyon sa yo:

1. Endividé a se pitit gason kontribyab la, pitit fi, bofis, timoun adoptif kalifye, frè, sè, bofrè, bëlsè, demi-frè, demi-sè, oswa yon desandan nenpòt ladan yo (parekzanp, yon pitit pitit, nyès, oswa neve).
2. Endividé a pa bay plis pase mwatye nan sipò li pandan ane 2021 an.
3. Endividé a viv avèk kontribyab la pandan plis pase yon mwatye ane fiskal 2021 an. Pou eksepsyon nan ekzijans sa a, gade [Anèks 8812 \(Fòm 1040\), Kredi pou Timoun Kalifye yo ak Lòt Depandan \(an anglè\)](#).
4. Endividé an deklare kòmsadwa antanke depandan kontribyab la. Pou plis enfòmasyon konsènan kòman pou deklare kòmsadwa, yon endividé antanke yon depandan, gade [Piblikasyon IRS No. 501, Depandan yo, Dediksyon Estanda, ak Enfòmasyon pou Deklarasyon \(an anglè\)](#). [PDF](#)
5. Endividé a pa fè yon deklarasyon konjwen avèk konjwen endividé an pou ane fiskal 2021 an oswa fè li sèlman pou reklame yon ranbousman enpo sou revni yo te kenbe oswa estimasyon enpo ki te peye.
6. Endividé an te yon sitwayen Ameriken, gen nasyonalite Amerikèn, oswa yon etranje rezidan Ozetazini. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon sa, gade [Piblikasyon IRS 519, Gid Fiskal pou Etranje yo \(an anglè\)](#). [PDF](#)



**Q B4. Èske mwen menm, oswa timoun mwen yo, bezwen genyen nimewo Sekirite Sosyal pou kalifyepou Kredi Enpo pou Timoun nan? (mizajou 11 Janvye 2022)**

A4. Oumenm — oswa konjwen w lan, si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen — dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyièl IRS (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN). Ou te resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo sèlman si ou te itilize SSN oswa ITIN kòrèk ou lè ou te fè deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 la (ansam avèk lè ou te rantre enfòmasyon nan zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov an 2020 oswa Zouti Enskripsyon Non Deklaran Kredi Enpo pou Timoun nan an 2021).

Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo te fèt pou timoun kalifye ki genyen yon SSN ki valid pou travay Ozetazini.

**Q B5. Kisa sa vle di yon nimewo Sekirite Sosyal ki valid pou travay? (ajoute 14 Jen 2021)**

A5. Pou timoun kalifye yo, yon SSN valid se youn ki valid pou travay (an anglè) nan Etazini epi Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) te bay anvan dat ki te prevwa pou deklarasyon enpo 2021 w lan (ansam avèk pwolongasyon yo).

Si yon endividé te yon sitwayen Ameriken lè li te resevwa SSN nan, alòs, li valid pou travay nan Etazini. Si "Pa Valid pou Travay" enprime sou kat Sekirite Sosyal endividé an epi estati imigrasyon endividé ante chanje pouli kapab kounya yon sitwayen Ameriken oswa rezidan pèmanan, mande SSA a yon nouvo katSekirite Sosyal (an anglè).

Sepandan, si "Valid pou Travay Sèlman Avèk Otorizasyon DHS (Department of Homeland Security, Depatman Sekirite Enteryè)" enprime sou kat Sekirite Sosyal endividé an, endividé angenyen SSN yo mande a sèlman toutotan otorizasyon Depatman Sekirite Enteryè a valid.

**Q B6. Èske mwen te kalifye pou resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si timoun kalifyemwen an te mouri nan 2021 an? (mizajou 11 Janvye 2022)**

A6. Wi. Si timoun kalifye ou an te vivan nan 2021 an epi te viv avèk ou pandan plis pase mwatye tan li te vivan an nan 2021 an, alòs timoun ou an se yon timoun kalifye nan objektif pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an. An konsekans, ou te kalifye pou resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou timoun kalifye w la.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon 2021 w lan pandan sezón deklarasyon taks 2022 a.

**Q B7. Kòman mwen te kapab verifye pou mwen wè si mwen te kalifye pou pèman avans Kredi Enpopou Timoun yo? (mizajou 11 Janvye 2022)**

A7. Asistan Kalifikasyon pou Avans Kredi Enpo pou Timoun nan te pèmèt ou wè si ou te kalifye pou pèman avans yo.



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

## **Q B8. Yo te voye peman mwen an men mwen pa t resevwa li. Kisa mwen ka fè? (ajoute 21 Jen 2021)**

A8. Ou ka fè demann yon swivi peman si o upa t resevwa li nan delè yo ki anba a. Nou p apa k swivpeman w lan sof si te gen:

- 5 jou depi depo a te fèt epi bank lan di li pa t resevwa peman an
- 4 semenn depi yo te voye peman sou fòm chèk pa lapòs nan yon adrès estanda
- 6 semenn depi yo te voye peman an pa lapòs, epi ou gen yon adrès pou reyekspedisyon nan dosyew nan biwo lapòs local la
- 9 semenn depi peman an te fèt pa lapòs, epi ou gen yon adrès aletranje

Pou kòmanse yon swivi peman, konplete pou voye nan lapòs oswa faks yon [Fòm 3911, Deklarasyon Kontribyab Konsènan Ranbousman \(an anglè\)](#).

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an

## **Q C1. Ki montan Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021 an? (mizajou 8 mas 2022)**

A1. Pou ane fiskal 2021 an, Kredi Enpo pou Timoun nan ogmante apati \$2 000 pou chak timoun kalifye pou ale nan:

- \$3 600 pou timoun 5 lane epi mwens nan fen 2021 an; epi
- \$3 000 pou timoun soti 6 lane pou rive 17 lane yo nan fen 2021 an.

Nòt: Kredi \$500 ki pa ranbousab la pou montan Lòt Depandan yo pa t chanje. Pou plis enfòmasyon konsènan Kredi pou Lòt Depandan yo, gade Anèks 8812 (Fòm 1040), Kredi pou Timoun Kalifye yo ak Lòt Depandan (an anglè).

## **Q C2. Èske montan Kredi Enpo pou Timoun mwen an ka redui parapò ak montan revni 2021 mwen an? (ajoute 14 jan 2021)**

A2. Wi. Kredi Enpo pou Timoun nan ap diminye pwogresivman nan de (2) etap differan dapre revni britajiste ki modifie (Adjusted Gross Income, AGI) nan 2021 an.

Premye diminisyon an ka redui Kredi Enpo pou Timoun nan jiska \$2 000 pa timoun.

- Sa vle di, premye etap diminisyon an ka redui sèlman ogmantasyon \$1 600 pou timoun kalifye ki gen 5 lane ak mwens yo, epi ogmantasyon \$1 000 pou timoun kalifye ki genyensoti 6 lane pou rive 17 lane yo, nan fen 2021 an.

Dezyèm diminisyon an ka redui Kredi Enpo pou Timoun ki rete a pi ba \$2 000 pa timoun.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou montan AGI ki modifie yo ki redui Kredi Enpo pou Timoun 2021 an, gade [QC-4](#) ak [QC-5](#), anba a.



### **Q C3. Kisa ki AGI modifye mwen an? (ajoute 14 jan 2021)**

A3. Nan objektif pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, AGI modifye w la se revni brit ajiste w (soti nan Fòm 1040 IRS 2020 an, liy 11, oswa si ou pa t depozeyon deklarasyon 2020, Fòm 1040 IRS 2019 la, liy 8b), plis montan annapre yo ki ka aplike pou ou.

- Tout montan sou liy 45 oswa liy 50 nan Fòm 2555 IRS 2020 oswa 2019 la, Revni ki Rantre Aletranje.
- Tout montan ki te eskli nan revni brit la paske li soti nan yon sous ki Pòtoriko oswa Samoa Amerikèn.

Si ou pa gen youn nan sa ki anlè yo, AGI modifye w la se menm ak AGI w la.

### **Q C4. Kòman premye diminisyon an redui Kredi Enpo pou Timoun 2021 an jiska \$2 000 pa timoun? (ajoute 14 jan 2021)**

A4. Kredi Enpo pou Timoun nan kòmanse redui jiska \$2 000 pa timoun si AGI modifye w la an 2021 an depase:

- \$150 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalife;
- \$112 500 si w ap deklare antanke chèf fwaye; oswa
- \$75 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi deklare yon deklarasyon separe. Premye diminisyon an redui Kredi Enpo pou Timoun nan pa \$50 pou chak \$1 000 (oswa fraksyon sa a)avèk sa, AGI modifye w la depase sèy revni ki dekri anlè a ki aplikab pou ou a.

### **Q C5. Kòman dezyèm diminisyon an redui \$2 000 Kredi Enpo pou Timoun ki rete a? (ajoute 14 jan 2021)**

A5. Kredi Enpo pou Timoun nan p ap kòmanse redui pi ba \$2 000 pa timoun jiskaske AGI modifye w la an 2021 an depase:

- \$400 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen; oswa
- \$200 000 pou tout lòt estati deklarasyon yo.

Dezyèm diminisyon an redui Kredi Enpo pou Timoun nan pa \$50 pou chak \$1 000 (oswa fraksyon sa a)avèk sa, AGI modifye w la depase sèy revni ki dekri anlè a ki aplikab pou ou a.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè D: Kalkil Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo

### **Q D1. Kòman yo detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo? (mizajou 8 mas 2022)**

A1. IRS la te detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo lè nou kalkile montan Kredi Enpo pou Timoun ou pral kalifye pou w reklame sou deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezón deklarasyon enpo 2022 a.



Nou kalkile Kredi Enpo pou Timoun 2021 ou an dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2020 ki trete a (ansanm avèk enfòmasyon ou te antre nan Zouti Enskripsiyan Non Deklaran Kredi Enpo pou Timoun nan). Si nou pa t trete deklarasyon enpo 2020 w lan lè nou te detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou an pou tout mwa apati Jiyè, nou te kalkile montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 ou an dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2019 ou a (ansanm avèk enfòmasyon ou te rantre nan zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov la nan 2020 an). Si nou te trete deklarasyon 2020 w lan, nou te rekalkile peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo epi te ajiste tout peman mansyèl ki rete yo.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desam 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki genyen nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020 w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan, men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze yon deklarasyon taks 2021 pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.

**Nòt:** Montan peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa genyen \$500 Kredi pou Lòt Depandan yo, ki pa ranbousab. Pou plis enfòmasyon konsènan Kredi pou Lòt Depandan yo, gade [Anèks 8812 \(Fòm 1040\), Kredi pou Timoun Kalifye yo ak Lòt Depandan \(an anglè\)](#).

#### **Q D2. Konbyen moun kalifye yo te resevwa nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (11 janvye2022)**

A2. Montan total peman Kredi Enpo pou Timoun yon moun kalifye te egal ak mwatye montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 kalkile moun nan. Epi yo te divize montan sa a an peman mansyèl voye ba ou. An konsekans:

- Pou chak timoun kalifye ki genyen 5 lane oswa mwens, yon moun kalifye te resevwa jeneralman \$300 chak mwa. Yo te detèminen sa lè yo divize \$3 600 an mwatye, ki bay \$1 800. Sis (6) peman mansyèl \$300 te bay moun kalifye a \$1 800.
- Pou chak timoun kalifye ki genyen 6 jiska 17 lane, yon moun kalifye te resevwa jeneralman \$250. Yo te detèminen sa lè yo divize \$3 000 an 2, ki bay \$1 500. Sis (6) peman mansyèl \$250 te bay moun kalifye a \$1 500.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè E: Pwosesis Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan

#### **Q E1. Kilè moun kalifye yo te resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, kilè m ap kòmanserelevwa peman yo? (aktyalize 11 Janvye 2022)**

A1. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te fèt an vèsman mansyèl apati Jiyè jiska fen Desam 2021.



Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Mwa Peman	Dat Peman
Jiyè	7/15/2021
Dawout	8/13/2021
Sektanm	9/15/2021
Oktòb	10/15/2021
Novanm	11/15/2021
Desanm	12/15/2021

**Q E2. Kòman moun kalifye yo te resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvyé 2022)**

A2. Si IRS la te resevwa enfòmasyon bankè moun kalifye yo, y ap voye peman an ba yo pa mwayer depo dirèk. N ap itilize enfòmasyon bankè yo apati sous sa yo, nan lòd sa a ki annapre a:

- Deklarasyon enpo 2020 moun kalifye a, ansanm avèk enfòmasyon yo te antre nan Zouti Enskripsiyon Non Deklaran Kredi Enpo pou Timoun nan.
- Deklarasyon enpo 2019 moun kalifye a, ansanm avèk enfòmasyon li te rantre nan zouti Non-Deklaran sou IRS.gov nan 2020 an.
- Enfòmasyon bankè ou ki nan Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan .
- Yon ajans federal ki ba moun kalifye a avantaj, tankou: Administrasyon Sekirite Sosyal, Depatman Afè Veteran, oswa Komisyón Retrèt Fewovyè a.

Si nou pa t genyen enfòmasyon bankè pou nou bay yon depo dirèk, nou te voye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa mwayer lapòs.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021, jeneralmans dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020 an. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan Kredi Enpo pou Timoun nan lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.

**Q E3. Yo te itilize deklarasyon enpo 2019 mwen an pou detèminen peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Mwen te fè deklarasyon enpo 2020 mwen an avèk yon montan revni diferan. Èske IRS late mete montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ajou? (mizajou 11 janvyé 2022)**

A3. Wi. Yo te rekalkile peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo apre IRS te fin trete deklarasyon enpo 2020 w lan. **Nou te** ajiste rès peman ou yo nan 2021 an pou ogmante oswa diminye montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo ki ta dwe vèse ba ou nan 2021 an.



Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè F: Aktyalize Enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou an nan 2021 an

**Q F1. E si enfòmasyon apwopo labank mwen an, adrès postal, revni, oswa fanmi chanje nan 2021 an?(mizajou 11 janvye 2022)**

A1. IRS la te mete sou IRS.gov la yon [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun \(CTC UP\)](#) pou pèmèt ou:

- Chwazi pa resevwa pèman avans Kredi Enpopou Timoun yo pandan 2021 an;
- Mete enfòmasyon sou kont labank ou ajou;
- Mete adrès postal ou ajou; epi
- Mete revni ou ajou.

Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm te reflete nan pèman mansyèlKredi Enpo pou Timoun ki te debouse an desanm.

Nòt: Si ou pa genyen yon kont, anpil enstitisyon finansyè ap ede ou louvri yon kont pou yon ti kras lajan oswa gratis. Vizite [sit entènèt Sosyete Federal Asirans Depo a \(an anglè\)](#) pou detay sou kòman pou louvri yon kont anliy oswa itilize zouti [BankFind \(an anglè\)](#) FDIC a pou lokalize yon bank ki asire nan FDIC. [BankOn \(an anglè\)](#), [Asosyasyon Bankye Ameriken \(an anglè\)](#), [Kominote Bankye Endependannan Amerik la \(an anglè\)](#), ak [Administrasyon Inyon Kredi Nasional \(an anglè\)](#) genyen lis bank ak koperativ kredi ki ka louvri yon kont anliy. Gade [Pwogram Sèvis Bankè pou Veteran yo \(an anglè\)](#), si ouse yon veteran, pou w jwenn aksè nan sèvis finansyè nan bank k ap patisipe nan pwogram nan.

**Q F2. Revni 2021 mwen an te diferan anpil parapò ak revni ki nan deklarasyon enpo 2020 mwen tedeklare a. Èske IRS la te mete pèman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ajou pou konsidere chanjman sa? (mizajou 11 janvye 2022)**

A2. Wi. Si ou te itilize [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#) pou w te bay revni aktyèl ou a.

Pòtal ajou sa a te pèmèt ou mete ajou revni ou te planifye pou w deklare nan deklarasyon enpo 2021 w lan pou nou te ka chanje kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 w lan. Sa te pèmèt nou chanje montan pèman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo. Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun ki te debouse andesanm.

**Q F3. E si mwen deklare yon timoun nan deklarasyon enpo 2021 mwen an men mwen pa t deklaretimoun sa nan deklarasyon enpo 2020 mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A3. Premye pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te baze sou timoun ou te deklare pou Kredi Enpopou Timoun nan deklarasyon enpo 2020 w lan (oswa deklarasyon enpo 2019 la, si deklarasyon enpo 2020 w lan pa t trete nan dat detèminasyon peman an pou tout peman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo).

Si ou pa t resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou yon timoun kalifye w ap deklare an2021, ou kapab reklame montan total valab Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun sa lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.



**Q F4. Kòman peman Kredi Enpo pou Timoun nan ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ki elaj epiogmante yo, ki kouple avèk aktyèl prelèvman taks sou revni ki fèt peman mwen an, afekte montan ranbousman taks mwen oswa balans mwen genyen sou deklarasyon taks sou revni pou ane 2021 an (mizajou 11 janvye 2022)**

A4. Apati jiyè 2021, IRS la te kòmanse fè peman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo pou kontribyab yo. Pou anpil kontribyab, montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 an te ogmante tou, konpare ak montan Kredi Enpo pou Timoun 2020 an. Sepandan, peman avans total yo ka pi gwo pase tout ogmantasyon ki fèt nan kredi 2021 an, toudepann de sikostans kontribyab la. Pou kontribyab nan sitiyasyon sa a ki pa t ajiste prelèvman taks sou revni ki fèt nan peman yo nan 2021 an (epi ki pa t dezenskri nan peman avans mansyèl yo), montan ranbousman taks yo resevwa nan 2022 a ka diminye, konpare ak ranbousman yo resevwa nan 2021 an, oswa balans yo dwe nan 2022 a avèk deklarasyon takssou revni 2021 yo a ka ogmante, konpare ak balans yo dwe nan 2021 an. Kèk kontribyab ka chanje pou yo jwenn yon ranbousman an 2021 nan plas dwe yon balans nan 2022.

Pa konsekan, kontribyab ki resevwa yon ti ranbousman oswa ki te gen yon balans lè yo te depoze deklarasyon taks yo pou 2020 an nan 2021 an te ka dezenskri nan peman avans Kredi Enpo pou Timounyo, te aktyalize Fòm W-4 yo a pandan y ap rantre yon montan adisyonèl pou yo prelve chak peryòd peman nan etap 4c nan fòm nan, oswa te fè peman taks estime chak trimès pou rès ane 2021 an.

Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèmanmansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo ki te debouse an desanm.

Pou plis enfòmasyon sou kòman yo kalkile ak vèse pèman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo, gade SijèD: Kalkil Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ak Sijè E: Pwosesis Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan. Moun yo te anmezi pou dezenskri nan pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo atravè [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP a,gade [Sijè F: Aktyalizasyon Enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou Pandan 2021 an](#).

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè G: Resevwa Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo

**Q G1. Kisa mwen ka fè si mwen panse montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen an pa tkòrèk nan yon mwa? (mizajou 11 janvye 2022)**

A1. Premyeman, ou ta dwe verifye Lèt 6417 IRS ap voye ba ou pa lapòs la anvan ou resevwa premyepeman avans Kredi Enpo pou Timoun ou an. Lèt sa ap enfòme ou sou montan kalkile Kredi Enpo pou Timoun ou an pou ane fiskal 2021 an ak montan peman kalkile avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo.

Debousman pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te kòmanse an jiyè e yo te kontinye chak mwa rive desanm 2021, jeneralman dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni federal 2019 oswa 2020w lan. Si ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan men ou pa t resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, w ap kapab reklame tout montan kredi a lè ou depoze deklarasyon taks 2021 an pandan sezon deklarasyon taks 2022 a.



Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

**Q G2. Èske genyen nan pèman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ki te redui si mwen te dwe taksnan ane anvan yo oswa lòt dèt federal oswa leta? (11 janvye 2022)**

A2. Non. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa t redui (sa vle di, konpanse) pou taks ou dwe ou pa peye nan ane ki pase yo oswa lòt dèt federal oswa leta ou te dwe.

Sepandan, si ou resevwa yon ranbousman lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan, tout rès montan Kredi Enpo pou Timoun yo ki nan ranbousman w lan ka yon konpansasyon pou dèt enpo oswa lòt dèt federal oswa leta ou dwe.

**Q G3. Èske peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo te konpanse si konjwen mwen an oswamwen menm, te dwe pansyon alimantè timoun? (mizajou 11 janvye 2022)**

A3. Non.

**Q G4. Èske yo t ap sezi peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A4. Wi. dapre lalwa federal la, kreyansye ki pa federal yo te ka sezi oswa kanpe peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Kidonk, nan mezi lalwa eta a ak gouvènman an pèmèt sa, peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo te ka sezi oswa kanpe pa eta a, gouvènman an, ak kreyansye prive yo, avèk konfòmeman ak yon desizyon lajistik ki enplike yon pati ki pa federal (ki ka gen ladan amand ki lye ak yon krim, frè jistik administratif, restitisyon, ak lòt dèt yon lakou tribunal òdone).

Kèk eta ak enstitisyon finansyè te chwazi aji pou pwoteje peman sa yo sepandan; e peman sa yo te toujou pwoteje kont konpansasyon pa gouvènman federal la. Parekzanp, si yon kontribyab gen yon jijman kont li yon pati prive genyen epi li dwe enpo federal ki evalye, IRS la pa t soumet peman an nankonpansasyon nan sa ki gen pou wè ak enpo federal yo.

**Q G5. Èske mwen te bezwen deklare yon konjwen ki blese (Fòm 8379, Alokasyon pou Konjwen ki Blese) si konjwen mwen an te gen yon dèt federal oswa leta epi mwen menm mwen pa t dwe? (11janvye 2022)**

A5. Non. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa t redui (sa vle di, konpanse) pou taks ou dwe ou pa peye nan ane ki pase yo oswa lòt dèt federal oswa leta konjwen w lan te dwe.

Sepandan, si ou fè yon deklarasyon enpo 2021 konjwen avèk konjwen w lan epi nou resevwa yon ranbousman, tout rès montan Kredi Enpo pou Timoun yo ki nan ranbousman w lan ka yon konpansasyon pou dèt enpo oswa lòt dèt federal oswa leta ou dwe. Ou kapab depoze [Fòm 8379 \(an angle\)](#) avèk deklarasyon enpo 2021 w lan.



**Q G6. Mwen te fè deklarasyon enpo 2020 mwen an avèk yon adrès nan Etazini malgre mwen menm ak timoun mwen an p ap viv Ozetazini. Mwen te resevwa Lèt 6417 nan adrès Etazini mwen an ki di IRSap kòmanse vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou mwen. Kisa mwen t ap ka fè? (11 janvye 2022)**

A6. Ou pa t gen dwa pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Ou ka kalifye pou w reklame Kredi Enpo pou Timoun nan lè ou fè deklarasyon enpo 2021 an men ou ka pa kapab reklame tout \$3 000 oswa \$3 600 pa timoun kalifye paske kay prensipal ou a p ap Ozetazini pandan plis pase mwatye ane 2021. Pèman avans nou te voye pou ou a te ka depase montan Kredi Enpo pou Timoun y ap pèmèt ou reklame sou deklarasyon enpo 2021 w lan.

Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) t ap pèmèt ou dezenskri pou w sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun nan ki te debouse an desanm.

Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an.

**Q G7. Mwen te resevwa youn oswa plizyè peman avans Kredi Enpo pou Timoun pou timoun kalifye mwen an, men timoun sa te anmenaje avèk lòt paran li nan Mas 2021. Kisa mwen te ka fè? (mizajou11 janvye 2022)**

A7. Ou te ka antreprann youn nan aksyon sa yo annapre a:

- Te dakò ansanm ak lòt paran timoun kalifye a pou li pèmèt ou deklare timoun sa pou Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021. Ou bezwen resevwa nan men lòt paran timoun ou an yon Fòm siyen 8332, ki gen tit Revokasyon Renonsyasyon pou Demann Ekzanpsyon pou Timoun pa Paran k ap Gade li a (Release/Revocation of Release of Claim to Exemption for Child by Custodial Parent) (an anglè), epi atache li nan deklarasyon enpo 2021 w lan kote wap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan.
- Te panse ak itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pou dezenskri pou ou sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, oswa pou w retire timoun sa nan enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou te bay IRS la. An konsekans, pwochen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo t ap redui pou konsidere dezenskripsyon w lan oswa retrè timoun sa. Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo ki te debouse an desanm.

Si ou pa t antreprann okenn aksyon, ou ka bezwen ranbouse IRS la montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou te resevwa ki baze sou timoun sa lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan ane pwochèn.

Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an. ak Sijè M: Kesyon yo Poze Souvan sou Gad Pataje.



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

## **Q G8. Si mwen te sinyale mwen te yon viktim vòl idantite ki lye ak taks, kòman mwen t ap ka asiremwen t ap resevwa pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A8. Si ou te sinyale ou se yon viktim vòl idantite ki lye ak taks, IRS la pa t ap vèse peman avans KrediEnpo pou Timoun yo ba ou jiskaske pwoblèm vòl idantite ki lye ak taks ou a te rezoud.

## **Q G9. Si mwen sispec mwen viktim vòl idantite ki lye ak taks, kisa mwen ka fè pou mwen asire m apresevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A9. Si ou kwè ou se yon viktim vòl idantite ki lye ak taks, epi ou pa t sinyale pwoblèm nan bay IRS, ou tadwe pran mezi pou pwoteje tèt ou. Depoze yon Fòm 14039, Afidavi Vòl Idantite (an angle) nan IdentityTheft.gov (an angle) oswa depoze Fòm 14039 fòma papye.

IRS la pa t ap vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ba ou jiskaske pwoblèm vòl idantite ki lye aktaks ou a te rezoud. Si ou pa t resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou yon timoun kalifye w ap deklare an 2021, ou kapab reklame montan total valab Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun salè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezón deklarasyon taks 2022 a.

## **Q G10. Kisa mwen bezwen fè pou mwen resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 11 janvye 2022)**

A10. IRS te itilize enfòmasyon nan deklarasyon enpo 2019 oswa 2020 ki trete w la, enfòmasyon ou te antre nan Zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov nan lane 2020 an pou w enskri pou Peman Enpak Ekonomik yo, oswa enfòmasyon ou te antre nan Zouti Enskripsyon Non Deklaran an nan lane 2021 an pou ou detèminen si ou te kalifye epi enskri ou otomatikman. Ou pa t bezwen antreprann okenn aksyonanplis.

Si ou pa t genyen pou deklare enpo ou yo ane sa a oswa ane pase, epi ou pa t enskri pou Peman Enpak Ekonomik yo ane pase, ou ka anmezi pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou tout montan ou pa t resevwa lè ou depoze deklarasyon taks 2021 w lan pandan sezón deklarasyon taks 2022 a.

## **Q G11. Poukisa mwen te resevwa peman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun nan sou fòm papyechèk nan bwat postal mwen? (mizajou 11 janvye 2022)**

A11. IRS la te voye peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan ba ou sou fòm papye chèk nan bwat postalou si nou la pa t genyen enfòmasyon kont labank ou pou li voye peman w lan pou ou pa depo dirèk.

Epitou, si ou te genyen yon kont labank ki fèmen oswa ki pa valid nan dosye w, IRS la ap retounen voye peman an sou fòm papye chèk nan bwat postal ou.

Pou plis enfòmasyon sou kòman moun yo te kapab bay oswa aktyalize enfòmasyon kont labank yo, gade FAQ (Kesyon yo Poze Souvan) F1: Ki enfòmasyon, konsènan bank mwen, adres postal mwen, revni mwen, oswa fanmi mwen, ki chanje nan 2021 an?



## Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè H: Rekonsilyasyon Pèman Avans Kredi Enpo pou Timounyo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan

**Q H1. Kòman mwen ka rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ak Kredi Enpo pou Timoun mwen an sou deklarasyon enpo 2021 mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A1. Lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a, w ap bezwenkonpare:

1. Montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ou te resevwa nan 2021 an; avèk
2. Montan Kredi Enpo pou Timoun ou kapab reklame kòmsadwa nan deklarasyon enpo 2021 w lan.

**Montan Aleksè Kredi Enpo pou Timoun:** Si montan Kredi Enpo pou Timoun nan depase montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ou ka reklame montan Kredi Enpo pou Timoun ki rete a sou deklarasyon enpo 2021 w lan.

**Montan Aleksè Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan:** Si ou resevwa yon montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ki depase montan Kredi Enpo pou Timoun nan ke ou ka reklame kòmsadwa nan ane fiskal 2021 w lan, ou ka bezwen ranbouse IRS la kèk oswa tout eksè peman sa. An Janvye 2022, IRS la ap voye ba ou Lèt 6419 pou ba ou montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki te vèse ba ou nan 2021 an. Tanpri konsève lèt sa konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk dosye fiskal ou yo. Ou ka bezwen refere lèt sa lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

**Q H2. Kòman montan total pèman avans Kredi Enpo pou Timoun nan ka pi plis pase montan KrediEnpo pou Timoun 2021 mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A2. Montan pèman avans Kredi enpo pou Timoun yo ou te resevwa nan 2021 an baze sou estimasyon IRS sou montan Kredi Enpo pou Timoun yo t ap ba ou pou ane fiskal 2021 an. Lwa a ekzije pou estimasyon sa baze sou de (2) sous enfòmasyon prensipal:

1. Deklarasyon enpo 2020 w lan oswa, si deklarasyon sa pa disponib, deklarasyon ane fiskal 2019 ou a (ansanm avèk yon deklarasyon enpo 2019 ki te depoze atravè Zouti Non Deklaran an pou Pèman Enpak Ekonomik yo sou IRS.gov, oswa yon deklarasyon enpo 2020ki depoze atravè Zouti Enskripsyon Non Deklaran Kredi Enpo pou Timoun nan); ak
2. Tout enfòmasyon aktyalize ou te bay IRS la nan 2021 an, sa gen ladan enfòmasyon ou bay atravè [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#)

Fanmi ak sitiayson lavi a kapab soup nan yon ane. Lis sa ki annapre a bay kèk ekzanp chanjman ki te ka lakoz peman aleksè avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

- Yon timoun kalifye ki rezide avèk ou te ka chanje kay pandan ane 2021 an epi te rezide pandan plis pase mwatye ane fiskal 2021 an avèk yon endividé diferan.
- Revni ou te ogmante an 2021.
- Estati deklarasyon ou te chanje pou 2021 an.
- Kay prensipal ou a te deyò Etazini pandan plis pase mwatye ane 2021 an.



Apre kalite chanjman òdinè sa yo nan fammi ak nan lavi a, ou te ka resevwa yon montan total pèmanavans Kredi Enpo pou Timoun yo ki depase montan Kredi Enpo pou Timoun yo t ap ba ou sou deklarasyon enpo 2021 w lan.

Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ansanm ak definisyon kay prensipal ou a, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.](#)

**Q H3. Èske m ap bezwen ranbouse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo bay IRS la si yo te pi plis pase montan Kredi Enpo pou Timoun y ap ban mwen nan deklarasyon enpo 2021 mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A3. Petèt. Si ou kalifye pou pwoteksyon ranbousman ki dekri nan Sijè H sa a, ou p ap genyen pou ou ranbouse kèk oswa tout montan aleksè a. Si ou pa kalifye pou pwoteksyon ranbousman an, w ap bezwen sinyale tout montan aleksè a nan deklarasyon enpo 2021 w lan kòm enpo sou revni adisyonèl. Enpo sou revni adisyonèl sa ap redui montan ranbousman fiskal ou a oswa enpo total ou dwe pou 2021an.

**Q H4. Kòman m ap konnen si mwen pa kalifye pou pwoteksyon ranbousman an pou deklaran yo kibaze sou revni yo pandan 2021 an? (mizajou 1ye fevriye 2022)**

A4. Ou p ap kalifye pou okenn pwoteksyon ranbousman si revni an gwo ajiste (AGI) modifye w la nan montan sa yo pi wo a oswa pi plis dapre kondisyon fiskal nan deklarasyon enpo 2021 w lan.

- \$120 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjen oswa si w ap deklare antanke yonvèt oswa vèv ki kalife;
- \$100 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$80 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Pou enfòmasyon sou definisyon AGI modifye a, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.](#)

**Q H5. Kòman m ap konnen si mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman total la pou deklaran yo kibaze sou revni pandan 2021 an? (ajoute 14 jan 2021)**

A5. Ou kalifye pou pwoteksyon ranbousman total la epi ou p ap bezwen ranbouse okenn montan aleksè pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si kay prensipal ou te Ozetazini pandan plis pase mwatye ane 2021 an ak revni brit ajiste ki modifye pou 2021 an nan montan annapre a oswa pi ba, dapre estati deklarasyon an nan deklarasyon enpo 2021 an:

- \$60 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjen oswa si w ap deklare antanke yon vèt oswa vèv ki kalife;
- \$50 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$40 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Pwoteksyon ranbousman w lan ka limite si AGI modifye w la depase montan sa yo oswa si kay prensipalou a pa t Ozetazini pandan plis pase mwatye nan ane 2021 an.



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Pou plis apwopo definisyon kay prensipal ou a, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpopou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#). Pou enfòmasyon sou definisyon AGI modifye a, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

## **Q H6. Si mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman, pou ki montan ranbousman m ap kalifye?(ajoute 14 jen 2021)**

A6. Si ou kalifye pou pwoteksyon ranbousman an, montan taks ou dwe peye akoz peman avans aleksè Kredi Enpo pou Timoun nan ap redui jiska **montan pwoteksyon ranbousman total la**. Montan pwoteksyon ranbousman total la egal \$2 000 miltiplier pa sa ki annapre a:

- Kantite timoun kalifye IRS la konsidere pou detèminen estimasyon inisyal IRS pou peman Kredi Enpo pou Timoun yo, **mwens**
- Kantite timoun kalifye yo konsidere kòmsadwa pou detèminen montan Kredi Enpo pou Timoun y ap bay nan deklarasyon enpo 2021 w lan.

**Ekzanp:** Ou deklare twa (3) timoun kalifye nan deklarasyon enpo 2020 w lan, men ou deklare sèlmanyon timoun kalifye nan deklarasyon enpo 2021 w lan. Ou ka resevwa jiska \$4 000 nan pwoteksyon ranbousman (sa vle di, \$2 000 pou chak timoun kalifye aleksè) si ou kalifye.

W ap kapab aplike pou montan pwoteksyon ranbousman total \$2 000 pou chak timoun kalifye aleksè si revni brit ajiste (AGI) modifye w la nan nivo montan a yo annapre a oswa pi ba ki baze sou estati deklarasyon nan deklarasyon enpo 2021 w lan:

- \$60 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalife;
- \$50 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$40 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separé.

Pou enfòmasyon sou definisyon AGI modifye a, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

## **Q H7. Èske montan pwoteksyon ranbousman pou peman avans aleksè Kredi Enpo pou Timoun yodiminye si revni an gwo ajiste (AGI) modifye mwen an pi plis pase montan AGI modifye ki t ap fè mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman total la? (mizajou 11 janvye 2022)**

A7. Wi. Montan pwoteksyon ranbousman ap diminye dapre konbyen revni brit ajiste modifye w la pigwo pase montan sa yo dapre kondisyon fiskal nan deklarasyon enpo 2021 w lan:

- \$60 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalife;
- \$50 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$40 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separé.



Montan pwoteksyon ranbousman sa a diminye – oswa redui – paske AGI modife w la depase montan kianlè a. Montan pwoteksyon ranbousman w lan ap egal \$0 e montan ranbousman w lan p ap redui lè AGI modife w la nan pi gwo montan sa a oswa pi plis, dapre kondisyon fiskal la nan deklarasyon enpo 2021 w lan:

- \$120 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yonvè oswa vèv ki kalifye;
- \$100 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; oswa
- \$80 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

**Ekzanp:** Ou te fè yon deklarasyon konjwen avèk konjwen w lan pou ane fiskal 2020 e ou te reklame kòmsadwa, Kredi Enpo pou Timoun nan pou twa (3) timoun kalifye. IRS la te kalkile montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou dapre timoun kalifye sa yo. Sepandan, lè ou fè deklarasyon enpo konjwen 2021 w lan avèk AGI modife \$75 000, ou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou yon timounkalifye sèlman – e kòm konsekans genyen de (2) timoun kalifye aleksè. AGI modife \$75 000 w la depasesèy AGI modife \$60 000 aplikab ou a pa 25 poustan. Gwo montan pwoteksyon ranbousman total \$4 000w la (sa vle di, \$2 000 pou chak timoun kalifye aleksè) redui pa 25 poustan jiska \$3 000.

**Q H8. Kisa k ap rive si mwen genyen balans pou IRS la akoz peman aleksè avans Kredi Enpo pou Timoun yo, epi mwen pa ka peye balans mwen dwe a lè m ap fè deklarasyon enpo 2021 mwen an? (ajoute 14 janvye 2021)**

A8. Majorite endividé ki bezwen ranbouse eksè peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap peye balans sa atravè yon rediksyon nan ranbousman enpo sou revni federal y ap tann nan. Sepandan si ou dwe yonbalans ki plis pase ranbousman w lan, IRS la ap travay regilyèman avèk kontribyab ki dwe montan yo pa ka peye yo. Pwosesis pou fè aranjman peman pou balans ou dwe se menm ak pwosesis pou lòt balans fiskal yo. Pou plis enfòmasyon sou kòman pou peye enpo sou revni federal ou dwe ou poko peye yo, gade [Peye Enpo Ou yo.](#)

**Q H9. Èske IRS la ap ban mwen enfòmasyon pou ede mwen rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo nan deklarasyon enpo 2021 mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A9. Wi. An Janvye 2022, IRS la ap voye ba ou Lèt 6419 pou ba ou montan total peman avans Kredi Enpopou Timoun ki te vèse ba ou nan 2021 an.

Enpòtan: Tanpri konsève lèt sa konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk dosye fiskal ou yo. Ou ka bezwen refere lèt sa lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

Y ap voye lèt sa nan adrès ki nan dosye w la nan dat ranvwa lèt la. Jeneralman, se ap adrès ki nan deklarasyon enpo w ki pi resan an, oswa nan adrès ki aktyalize atravè [Pòtal Mizajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#) oswa Sèvis Postal Etazini an (United States Posal Service, USPS). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an.](#)

**Q H10. Kisa pou mwen fè si Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun mwen an montre gen yon peman ki fèt, epi mwen pa janm resevwa l? (ajoute 1ye fevriye 2022)**

A10. Gade peman ou yo sou Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan pou ou asire ou si yo pa t retounen peman an. Si ou pa t resevwa peman an epi yo pa t retounen peman an, ou ka fè IRS la yon demann pouli ankete sou peman an. Si yo jwenn ou pa t resevwa peman an oswa peman an te retounen nan IRS, done



IRS yo ap aktyalize, epi w ap kapab retire peman an nan sòm montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou te deklare nan deklarasyon taks ou a. Sa ap pèmèt ou reklame peman ki manke a avèk Kredi Enpo pou Timoun ou an nan deklarasyon 2021 w lan si ou kalifye. Kontakte IRS la osito posib nan [800- 908-4184](#), soti 7 è nan maten pou rive 7 è nan aswè nan lè lokal la. Lè ou rele IRS la, ou dwe bay enfòmasyon sa yo konsènan peman ki manke a: dat peman an, metòd la, estati a, ak montan ki afiche sou Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun ou an.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè I: Rezidan sou Tèritwa Etazini ak Pèman Avans Kredi

Enpo pou Timoun yo

**Q I1. Si mwen se yon rezidan Pòtoriko, èske mwen te kalifye pou resevwa pèman avans Kredi Enpopou Timoun nan? (mizajou 11 janvye 2022)**

A1. Non. Ou pa t kalifye pou resevwa yon peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan, men ou ka kalifye pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun kalifye w yo sou [Fòm 1040-PR 2021 \(an anglè\)](#) w lan, [Fòm 1040-SS \(an anglè\)](#), oswa lòt fòm seri 1040 ki depoze nan IRS la. Pou enfòmasyon adisyonèl, tanpri vizite IRS.gov oswa gade enstriksyon pou [Fòm 1040-PR](#) oswa [Fòm 1040-SS \(an anglè\)](#) oswa, si ou depoze yon lòt fòm seri 1040 nan IRS la, [Anèks 8812 \(Fòm 1040\) \(an anglè\)](#) ak [Enstriksyon Anèks 8812 yo\(an anglè\)](#).

**Q I2. Pou rezidan Pòtoriko yo, kòman Kredi Enpo pou Timoun nan te chanje pou 2021 an? (14 jen2021)**

A2. Montan maksimòm Kredi Enpo pou Timoun pou 2021 an te ogmante apati \$2 000 pou rive nan \$3000 pou timoun ki nan 6 lane pou rive 17 lane yo oswa \$3 600 pou timoun ki gen 5 lane ak mwens nanfen 2021 an. Ou ka rekame kredi ogmante sa menmsi ou pa gen revni oswa peye enpo sekirite sosyal Etazini yo. Yo te retire ekzijans pou genyen twa (3) timoun kalifye nan kòmansman 2021 an, e w ap bezwen sèlman yon timoun kalifye pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan sou

- [Fòm 1040-PR \(an anglè\)](#),
- [Fòm 1040-SS \(an anglè\)](#),
- Oswa lòt fòm seri 1040 yo ki depoze nan IRS la pou 2021 an.

**Q I3. Si mwen se yon rezidan Samoa Amerikèn, Commonwealth Zile Maryann Nò yo, Guam oswa Etazini. Zile Vièj yo, èske mwen te kalifye pou resevwa yon peman avans Kredi Enpo pou Timoun? Epi,kòman Kredi Enpo pou Timoun nan te chanje pou 2021 an? (mizajou 11 janvye 2022)**

A3. Ou te ka kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk ajans taks teritwa Etazini w la.Tanpri kontakte ajans taks teritwa lokal ou a pou enfòmasyon adisyonèl sou tout peman avans ak lòtchanjman nan Kredi Enpo pou Timoun nan.



**Q I4. Mwen se yon sitwayen oswa yon rezidan nan youn nan Eta Asosye Lib yo (Eta Federe Microsenia, Repiblik Zile Marshall, oswa Repiblik Palau). Èske mwen te kalifye pou yon Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo? Èske mwen kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun? (mizajou 11 janvye 2022)**

A4. Estati sitwayennte oswa rezidans nan Eta Asosye Lib yo, poukont li, pa ba ou dwa pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo oswa Kredi Enpo pou Timoun nan. Si kay prensipal ou a te nan 50 eta yo oswa Distrik Columbia a pandan plis pase mwatye ane a, ou ka kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan e ou ka kalifye pou yon peman avans kredi sa a ak IRS la.

Si ou se yon rezidan Pòtoriko, ou ka elijib pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak IRS, men ou pa t kalifye pou peman avans kredi sa a.

Si ou se yon rezidan Samoa Amerikèn, Commonwealth Zile Maryana Nò yo, Guam oswa Etazini. Zile Vyèjyo, ou te ka kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk ajans taks teritwa Etazini w la. Tanpri kontakte ajans taks teritwa lokal ou a pou enfòmasyon adisyonèl sou tout peman avans ak lòt chanjman nan Kredi Enpo pou Timoun nan.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè J: Anile Enskripsyón nan Pèman Avans yo

**Q J1. Pou ki yon moun t ap chwazi dezenskri nan pèmn avans Kredi Enpo pou Timoun yo (mizajou 11Janvye 2022)**

A1. Moun yo chwazi dezenskri pou sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou plizyè rezon, Pa ekzanp, moun yo chwazi dezenskri paske yo te atann montan enpo yo t ap dwe a t ap pi plis pase ranbousman yo t ap tann nan lè yo fè deklarasyon enpo 2021 yo a.

Peman moun yo te resevwa yo se te yon avans Kredi Enpo pou Timoun nan yo t ap jwenn nòmalman lè yo fè deklarasyon enpo 2021 yo a. Paske yo te peye kredi sa yo davans, chak dola ki soti nan men yon moun ap redui montan Kredi Enpo pou Timoun moun nan pral reklame nan deklarasyon enpo 2021 li an.Sa vle di lè li aksepte peman avans kredi enpo pou timoun yo, montan ranbousman moun nan ka redui oswa montan enpo li dwe a ka ogmante.

Moun yo ka evite dwe IRS la enpo pandan y ap dezenskri nan pèman avans Kredi Enpo pou Timoun yoepi reklame kredi a lè yo fè deklarasyon enpo 2021 an pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

**Q J2. Ki dat limit ki te genyen pou dezenskri oswa fè chanjman nan enfòmasyon kont labank mwen(mizajou 11 Janvye 2022)**

A2. Pou sispann peman avans yo, oswa fè chanjman nan enfòmasyon kont labank ou atravè Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP), ou te dwe dezenskri 3 jou anvan premye Jedi pwochen mwa a nan 11:59 p.m. Lè Oryan.

Nòt: Depi ou fin dezenskri pou yon mwa, ou pa t bezwen dezenskri pou lòt mwa yo.

Mizajou ki fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl yo ki te debouse 15 desanm.



Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Mwa Peman	Dat Limit pou Dezenskripsyon	Dat Peman
Jiyè	6/28/2021	7/15/2021
Dawout	8/2/2021	8/13/2021
Sektanm	8/30/2021	9/15/2021
Oktòb	10/4/2021	10/15/2021
Novanm	11/1/2021	11/15/2021
Desanm	11/29/2021	12/15/2021

**Q J3. Kisa ki t ap pase si mwen te rate dat limit pou dezenskri an (mizajou 11 Janvye 2022)**

A3. Oute jwenn pwochen peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki te pwograme yo jiskaske nou te trete demann dezenskripsyon w lan.

Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo kit e debouse 15 desanm.

**Q J4. Konbyen tan sa te pran IRS la pou li konplete pwosesis dezenskripsyon? (11 Janvye 2022)**

A4. Sa te ka pran jiska sèt (7) jou travay.

Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo kit e debouse 15 desanm.

**Q J5. Èske mwen te kapab reyenskri? (mizajou 11 janvye 2022)**

A5. Non.Ou pa ka reyenskri nan moman sa a. Dezenskripsyon se yon bagay ki te kapab fèt yon sèl fwa kipa t kapab ranvèse.

**Q J6. Si mwen marye epi m fè deklarasyon konjwen, èske konjwen mwen an te bezwen dezenskri tou?(mizajou 11 janvye 2022)**

A6. Wi. Se endividé ki te dezenskri ak IRS la sèlman ki ka dezenskri.

**Q J7. Si konjwen mwen an te dezenskri epi mwen menm mwen pa t dezenskri, kisa ki t ap pase?(mizajou 11 Janvye 2022)**

A7. Si ou pa t dezenskri, ou t ap kontinye jwenn mwatye peman konjwen ou te sipoze resevwa akkonjwen w lan.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans KrediEnpo pou Timoun yo - Sijè K: Verifikasiyon Idantite ou pou Ou Wè Pèman w yo



## Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

### **Q K1. Poukisa mwen oblige otantifye idantite m? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)**

A K1. IRS bezwen rasire li ou se oumenm - se pa yon moun ki vle pase pou ou - anvan nou ba aksè nan enfòmasyon sansib sou kont ou an. Verifikasyon idantite w ap ede ou kenbe enfòmasyon w yo sennesòfepi anpeche fwod ak vòl idantite.

### **Q K2. Kòman mwen ka otantifye idantite m? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)**

A K2. Si ou se yon novo itilizatè, ou dwe kreye yon kont ID.me nan IRS la epi verifye idantite ou. ID.me se yon founisè sèvis akreditasyon ki fyab ki chwazi pou sipòte sèvis koneksyon IRS.gov la.

ID.me itilize dènye teknoloji verifikasyon yo pou otantifye idantite ou rapid epi fasil. Aprann plissou ID.me ak pwosesis verifikasyon IRS la sou [Konekte ou oswa Kreye yon Nouvo Kont](#).

Si ou gen yon kont déjà nan IRS, itilize non itilizatè ak modpas Aksè Sekirize a epi ratre kòd sekirite a antanke yon pati nan pwosesis otantifikasiyon plizyè faktè a (multi-factor authentication - MFA). Si ougen yon kont avèk ID.me nan gouvènman eta a oswa nan yon ajans federal, ou ka itilize imèl ou ak modpas ou epi konple MFA a.

### **Q K3. Mwen poko gen 18 lane e yo te di m mwen pa ka otantifye; kòman mwen kapab jere pemanmwen yo? (an anglè) (mizajou 11 janvye 2022)**

A K3. ID.me otantifye endividé ki gen 18 lane ak plis. Si ou gen 17 lane oswa pi piti, rele nimewo telefòn ki nan lèt IRS ou a si ou chwazi dezenskri pou sispann resevwa peman mansyèl yo.

### **Q K4. Èske ID.me ap kenbe enfòmasyon mwen yo? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)**

A K4. Wi, antanke yon founisè sèvis akreditasyon ki sètifye kont nòm federal, ID.me gen obligasyon pouli anrejistre enfòmasyon endividé yo. ID.me pwoteje tout enfòmasyon sansib yo avèk yon kriptaj ki pi fòpase sa anpil lòt enstitisyon finansyè.

### **Q K6: Lè mwen rele IRS la pou li ede m otantifye idantite mwen, ki mizajou nan enfòmasyon yo mwenka bay IRS la konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo (ajoute 19 dawou 2021)**

A6. Ou kapab aktyalize adrès oswa anile enskripsyon nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Lòt mizajou nan enfòmasyon ou yo, tankou chanjman nan enfòmasyon kont labank ou, kapab fèt atravè Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) sèlman, apre ou fin verifye idantite ou.

### **Q K7: Mwen resevwa yon mesaj ki di "Gen yon kondisyon ki anpeche ou gen aksè nan sèvis sa a". Kisasa vle di? (ajoute 19 dawou 2021)**

A 7. Apre ou fin verifye idantite ou avèk ID.me, ou ka wè yon mesaj IRS ki di: "Gen yon kondisyon kianpeche ou gen aksè nan sèvis sa a". Si ou wè mesaj sa a, tanpri retounen eseye konekte pita.



Si ou kontinye ap resevwa mesaj sa a, sa vle di ou p ap kapab itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun anliy lan. Olyedeswa, ou kapab rele nimewo telefòn ki nan lèt IRS la te ba ou a ki di ou ka kalifye pouresevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ([Lèt 6416 \(an anglè ak panyòl\)](#)). Lè ou rele, w ap bezwen reponn kesyon yo pou verifye idantite ou avèk ajan sèvis kliyantèl la.

Kredi Enpo pou Timoun 2021 ak Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo —  
Sijè L:Kesyon Anpil moun poze sou Gad Pataje (Shared Custody)

**Q L1. Mwen menm ak lòt paran timoun mwen an ap gade timoun nou an ansanm. Kòman IRS la te deside kiyès nan nou 2 a ki ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?**  
(mizajou 11 janvye2022)

A1. IRS la te detèminen kiyès ki te resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2020 w lan, oswa deklarasyon 2019 la, si IRS la poko te trete deklarasyon 2020w lan. Oswa, si ou te reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun ou an nan deklarasyon 2020 w lan, ebyen ou t ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Si lòt paran timoun ou an te reklame Kredi Enpo pou Timoun nan nan deklarasyon enpo 2020 li an, ebyen l ap resevwa peman avansKredi Enpo pou Timoun yo.

Si ou te konnen ou pa t ap kalifye pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan nan deklarasyon 2021 w lan (sa ki pou avril 2022 a), ebyen ou te ka ale sou sit entènèt IRS la pou ou itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pou ou anile enskripsyon nan peman mansyèl yo. Resevwa peman mansyèl yo nan 2021 an ka vle di ou genyen pou ou retounen peye peman sa yo lè ou ranpli deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a. Si bagay yo te chanje ankò epi ou gen dwa nan Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021, ou kapab reklame tout montan an nan deklarasyon enpo 2021 w lan lè ou depoze li.

Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo ki te debouse 15 desanm.

**Q L2. Mwen menm ak lòt paran timoun mwen an te dakò, pou rezon enpo sou revni Federal, M apdeklare timoun nan pou chak ane pè pandan li menm l ap deklare li pou chak ane enpè. Mwen te reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun nou an nan deklarasyon enpo 2020 mwen an.**

Poukisa IRS la te debouse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou mwen menmsi mwen p ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan nan deklarasyon enpo 2021 mwen an? (mizajou 11 janvye 2022)

A2. Paske ou te deklare timoun ou an nan deklarasyon enpo 2020 w lan, IRS la te debouse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou ou otomatikman, menmsi ou te konnen ou pa t ap deklare timoun ou annan deklarasyon enpo 2021 w lan. Lè ou ranpli deklarasyon enpo 2021 w lan (sa ki pou avril 2022 a), ou ka genyen pou ou ranbouse peman avans anplis Kredi Enpo pou Timoun nan ou gen dwa pou reklame nan deklarasyon sa. Yo ka pa kite w ranbouse yon pati oswa tout montan ki anplis lan si ou benefisyé yon pwoteksyon ranbousman. Pou plis enfòmasyon konsènan pwoteksyon ranbousman, gade [Sijè H: Rekonsilye Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun Ou yo nan Deklarasyon Enpo 2021 Ou an](#).



## Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Si ou te konnen ou pa t ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan deklarasyon 2021 w lan, ebyen ou te kaale sou sit entènèt IRS pou ou itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pou ou anile enskripsyon nan peman mansyèl yo. Si bagay yo te chanje ankò epi ou gen dwa pou Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021 an, ou kapab reklame tout montan an nan deklarasyon enpo 2021 w lan lè ou deklare pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

Mizajou ki te fèt anvan 11 è 59 nan aswè, Lè Oryan, nan dat 29 novanm nan te reflete nan pèman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo ki te debouse 15 desanm.

**Q L3. Lòt paran timoun mwen an te resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo menmsi m ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun nou an nan deklarasyon enpo 2021 mwen an. Èske map toujou kapab reklame tout Kredi Enpo pou Timoun nan? (mizajou 11 janvye 2022)**

A3. Wi. W ap kapab reklame tout montan Kredi Enpo pou Timoun ou an nan deklarasyon enpo 2021 w lan menmsi lòt paran an te resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Lòt paran an te dwe anile enskripsyon nan peman avans yo, men desizyon li an p ap afekte posiblite ou pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan.

Kredi Enpo pou Timoun 2021 ak Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo —  
Sijè M:Kesyon Anpil moun poze sou Imigrasyon

**Q M1. Mwen pa genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN), men mwen genyen yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Pèsònèl (ITIN) IRS la ban mwen. Èske mwen kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan? (mizajou 11 janvye 2022)**

A1. Wi. Oumenm — ak konjen w lan, si nou marye epi nou ranpli yon deklarasyon konjen — dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Pèsònèl (ITIN) IRSla ba ou pou ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan.

Ou te kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo sèlman si ou te itilize SSN oswa ITIN kòrèk ou a lè ou te ranpli deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 la (ansanm avèk lèou te depoze deklarasyon atravè zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov an 2020 oswa Zouti Enskripsyon Non-Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun nan sou IRS.gov an 2021).

Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo te fèt pou timoun kalifye ki te gen yon SSN ki valid pou travay(an anglè) nan Etazini.

**Q M2. Èske timoun mwen an bezwen genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) pou li kalifye pou KrediEnpo pou Timoun nan? (mizajou 11 janvye 2022)**

A2. Wi. Pou timoun ou an kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan, li dwe genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid pou travay.



An konsekans, si timoun ou an pa genyen yon SSN ki valid pou travay, ou pa t kalifye pou resevwapeman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou timoun sa.

**Q M3. Kisa sa vle di lè yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) valid pou travay? (ajoute 19 dawou 2021)**

A3. Pou timoun kalifye yo, yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) se yonn ki valid pou travay (an anglè) nan etazini (an anglè) Ajans Sekirite Sosyal la (SSA) ba ou anvan dat pou deklarasyon enpo 2021 an (ansanmavèk pwolongasyon yo).

Si yon moun te yon sitwayen ameriken lè li te resevwa SSN nan, ebyen li valid pou travay nan Etazini. Si "Pa Valid pou Travay" ekri souk at Sekirite Sosyal moun nan epi estati imigrasyon moun nan te chanje pou li ka vin yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan kounya, mande SSA a yon nouvo kat Sekirite Sosyal (an anglè).

Men, si "Valid pou Travay Avèk Otorizasyon Depatman Sekirite Enteryè (DHS) Sèlman" ekri sou kat Sekirite Sosyal moun nan, moun nan gen kat yo mande pou genyen an toutotan otorizasyon Depatman Sekirite Enteryè a valid.

**Q M4. Èske lè mwen resevwa Kredi Enpo pou Timoun 2021 an oswa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap afekte estati imigrasyon mwen oswa posibilite pou mwen jwenn ti kat la (green card)?(ajoute 19 dawou 2021)**

A4. Non. Dapre lwa aktyèl la, lè ou resevwa Kredi Enpo pou Timoun oswa lòt kredi enpo Federal ou kalifye pou yo, sa p ap afekte estati imigrasyon ou, posibilite pou ou jwenn ti kat la (green card) oswakalifikasyon alavni pou avantaj imigrasyon yo. Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini yo pa konsidereitilizasyon kredi enpo yo pou detèminen "chaj publik" ("public charge").

**Q M5. Antanke yon benefisyè Aksyon Ranvwaye pou Arive Timoun yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), èske sa anpeche m reklame Kredi Enpo pou Timoun 2021 an oswa resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou timoun kalifye mwen yo? (mizajou 11 janvy 2022)**

A5. Non. Genyen yon DACA pa afekte kalifikasyon ou. Si oumenm ak timoun ou an reponn ak tout egzijans pou kalifikasyon yo, w ap kapab deklare timoun ou an pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an epiou te kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

**Q M6. Timoun mwen an se yon benefisyè DACA. Èske mwen ka toujou deklare timoun mwen an pou Kredi Enpo pou Timoun nan epi redevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 19 dawou 2021)**

A6. Wi. Kalifikasyon w pa afekte paske timoun ou an se yon benefisyè DACA. Si timoun ou an gen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid pou travay, epi oumenm ak timoun ou an reponn ak tout lòt egzijans pou kalifikasyon yo, ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan epi ou te kalifye pou resevwapeman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.



## Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

### 2021 Kredi Taks sou Timoun ak Avans Peman Kredi Taks sou Timoun - Sijè N: Retounen yon peman

#### **K N1. Kisa mwen dwe fè pou m retounen yon avans peman kredi taks sou timoun mwen te resevwa depo dirèk oswa yon chèk? (mizajou 11 janvye 2022)**

A1 Ou dwe retounen peman an pi bonè posib pandan w ap swiv enstriksyon yo. Si peman te fèt pa chèk epi w poko chanje li:

- Ekri "Anile" nan seksyon pou siyen an nan dèyè chèk la. Voye chèk Trezò piblik ou anile a nan biwo IRS ki apwopriye ki mansyone anba a. Pa klipse, pliye oswa kole papye sou chèkla.
- Mete nan chèk ou anile a yon esplikasyon alekri, vrèman kout epi apa rezon ki fè w retounen chèk la, ki gen ladan si wi ou non ou vle retire tèt ou nan pwochen peman chakmwa davans kredi pou taks timoun nan lavni.

Si peman an se te yon chèk papye epi w te pran li, oswa si peman an se te yon depo dirèk:

- Soumèt yon chèk pèsònèl oswa yon manda bay "Biwo Trezò Ameriken (U.S. Treasury, an anglè) nan kote ki apwopriye IRS ki nan lis anba a. Nan liy memo a, ekri "AdvanceCTC" ak nimewo Sekirite Sosyal la oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Pèsònèl moun k ap resevwa chèk la oswa depo a.
- Mete ak chèk pèsònèl ou a oswa manda a yon esplikasyon alekri, vrèman kout epi apa rezon ki fè w retounen chèk la, ki gen ladan si wi ou non ou vle retire tèt ou nan pwochenpeman chak mwa davans kredi pou taks timoun nan lavni.



# Fact Sheet

Internal Revenue Service  
Media Relations Office  
Washington, D.C.  
Media Contact: 202.317.4000  
Public Contact: 800.829.1040  
[www.irs.gov/newsroom](http://www.irs.gov/newsroom)

Sa yo se adrèς lapòs IRS yo ka itilize ki baze sou eta a:

Si w ap viv...	voye lapòs la nan adrès sa a
Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, Vermont	Andover Internal Revenue Service 310 Lowell St. Andover, MA 01810
Georgia, Iowa, Kansas, Kentucky, Virginia	Atlanta Internal Revenue Service 4800 Buford Hwy Chamblee, GA 30341
Florida, Louisiana, Mississippi, Oklahoma, Texas	Austin Internal Revenue Service 3651 S Interregional Hwy 35 Austin, TX 78741
New York	Brookhaven Internal Revenue Service 1040 Waverly Ave. Holtsville, NY 11742
Alaska, Arizona, California, Colorado, Hawaii, Nevada, New Mexico, Oregon, Utah, Washington, Wisconsin, Wyoming	Fresno Internal Revenue Service 3211 S Northpointe Dr. Fresno, CA 93779
Arkansas, Connecticut, Delaware, Indiana, Michigan, Minnesota, Missouri, Montana, Nebraska, New Jersey, Ohio, West Virginia	Kansas City Internal Revenue Service 333 W Pershing Rd. Kansas City, MO 64108
Alabama, North Carolina, North Dakota, South Carolina, South Dakota, Tennessee	Memphis Internal Revenue Service 5333 Getwell Rd. Memphis, TN 38118
District of Columbia, Idaho, Illinois, Pennsylvania, Rhode Island	Philadelphia Internal Revenue Service 2970 Market St. Philadelphia, PA 19104
Yon peyi aletranje, teritwa oswa tè Etazini posede*, oswa itilize yon APO oswa yon adrès FPO, oswa ranpli Fòmilè 2555 oswa 4563, oswa yon etranje ki gen de estati.	Austin Internal Revenue Service 3651 S Interregional Hwy 35 Austin, TX 78741